

Règleman Chanselye Chancellor Regulation (CR)

Kategori : **ETIK**

Pibliye: 27 AVRIL 2009 Nimewo : **D-120**

Sijè : Kod Etik pou Paran ak Manm nan Kominote Komite Lidèchip
lekol Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation (CR) D-120* ki gen dat 5 septanm 2000.

Chanjman:

- Nou mete ajou enfòmasyon sou moun pou kontakte

REZIME

Pi ba a nou mete Kod Etik ki aplikab pou tout paran ak tout manm kominote nan Komite lidèchip lekòl *School Leadership Team (SLT)* yo. Kod Etik sa a pa aplikab pou manm estaf Komite lèchip lekòl ke Lwa Konfli enterè pwoteje ki pi restriktif e ki aplikap pou tout anplwaye *Board of Education*.

I. KOD ETIK – PARAN AK MANM KOMINOTE NAN KOMITE LIDÈCHIP LEKÒL

Pi ba a nou site dispozisyon ke paran ak manm kominote nan SLT dwe aplike. Nan sikonsans espesyal, paran ak manm kominote nan SLT ka mande Sipètentandan lekòl segondè onivo distri a bay yo dispans pou pa aplike dispozisyon yo.

- A. Paran ak manm kominote yo pa ka aksepte yon moun k ap fè biznis avèk lekòl la oswa SLT a bay yo yon kado.
- B. Paran ak manm kominote yo pa ka travay pou yon moun oswa yon konpayi, oubyen pa ka gen yon konpayi k ap negosye pou fè biznis oswa ki déjà fè biznis avèk lekòl la oswa SLT a amwenske yo ekri SLT a, Sipètentandan lekòl segondè onivo distri a ak Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a (yo) pou enfòme yo, (epi Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a (yo) ekri konpayi a yon lèt pou bay li pèmisyon). Metsousa, yo pa ka patisipe nan diskisyon oswa yo pa ka vote sou kesyon ki gen pou wè dirèkteman avèk konpayi-lekòl/SLT a.
- C. Paran ak manm kominote yo pa ka aji kòm yon manm komite SLT yo k ap finansyèman ede yo, yon manm nan fanmiy yo, yon biznis yo genyen oswa yon kote y ap travay, oswa nenpòt moun yo gen rapò pou kesyon finansye.
- D. Paran ak manm kominote yo pa ka aksepte okenn bagay de yon moun anprive oswa yon antite pou pale onon yo avèk SLT a oswa lekòl la.
- E. Paran ak manm kominote yo pa ka itilize enfòmasyon konfidansyèl SLT a oswa lekòl la pou yon rezon ki pa gen pou wè avèk lekòl la, oswa pa ka divilge enfòmasyon konfidansyèl ba yon moun oswa yon konpayi.
- F. Paran manm yo pa ka aksepte okenn moun apa Depatman Edikasyon *Department of Education (DOE)* bay yo bagay ki koute lajan pou fè travay SLT yo a. Manm kominote yo pa ka aksepte okenn moun apa DOE ak Òganizasyon kominotè *Community-Based Organization (CBO)* yo se manm bay yo okenn bagay ki koute lajan pou fè travay SLT yo a.
- G. Paran ak manm kominote yo pa ka gen rapò pou kesyon finansye (tankou djòb, rapò biznis, prè oswa envestisman) avèk okenn anplwaye lekòl la, eksepte pou yon madanm oswa yon mari, konjwen memm sèks, papa/manman, bòpè/bèlmè, frè/sè, oswa pitit pitit.
- H. Paran ak manm kominote pa ka reprezante ekspè oswa avoka pou yon moun ki gen yon enterè prive ki kont enterè lekòl la nan yon pwosè oswa jijman yon kesyon administratif.
- I. Paran ak manm kominote pa ka diskite possiblite djòb pou lavni avèk yon konpayi y ap kolabore pou travay yo kòm yon manm SLT. Metsousa, yo pa ka diskite djòb pou lavni avèk nenpòt konpayi k ap fè biznis avèk lekòl la, oswa ki andiskisyon pou fè biznis avèk lekòl la, amwenske yo enfòme komite a ak Sipètentandan lekòl segondè onivo distri a ke yo p ap enplike nan okenn tranzaksyon avèk konpayi a nan travay yo kòm yon manm SLT a.

Si yon paran oswa yon manm kominote pran yon djòb avèk yon konpayi pou fè biznis avèk lekòl la, yo dwe bay demisyon yo nan komite a. Ansyen manm komite a pa ka fè biznis oswa pa ka gen okenn kontak pou travay li avèk lekòl kote li te yon manm komite kòm yon pati nan travay li pou konpayi a pandan ennan apre li demisyone oswa sòti nan komite a.

- J. Distri a oswa Sipèntandan lekòl segondè a ap touswit fè tout paran oswa manm kominote ki vyole nenpòt nan règleman sa yo sòti nan komite a. Yon paran oswa manm kominote ke Sipèntandan an oswa Distri a fè sòti nan komite a ka mande Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a (yo) rekonsidere desizyon an.
- K. Chak Paran oswa manm kominote oblige fè yon rapò pou vyolasyon kod sa a ba Distri a oswa Sipèntandan lekòl segondè a.

II. RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe kontakte :

Telefòn :

212-374-3438

Ethics Officer

Office of Ethics and Conflicts of Interest

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street – Room 308

New York, NY 10007

Faks :

212-374-5596